



Pou Piblikasyon Imedya: 27/02/2019

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE PWOPOZISYON AJANDA 2019 JISTIS POU  
AMELYORE AKSÈ NAN IVF AK PREZÈVASYON FÈTILITE**

*Lejislasyon an Mandate Kouvèti Asirans Gwo Gwoup IVF epi Kouvèti pou  
Prezèvasyon Fètilite ki Nesesè Medikalman*

*Analiz Depatman Sèvis Finansye Egzamine Apwòch pou Enkòpore Kouvèti IVF  
nan Manda pou Enfètilite a*

*Kouvèti a Asire Sèvis Fètilite yo Disponib pou Tou moun, Kèlkeswa Eitati Sivil  
yo, Oryantasyon Seksyèl yo, Idantite Seksyèl yo, Laj yo, oswa Eitati Sosyo  
Ekonomik yo*

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a yon pwopozisyon nan Ajanda 2019 Jistis pou Fanm yo (2019 Women's Justice Agenda) pou avanse lejislasyon pou etann aksè nan kouvèti pou Fètilizasyon In Vitro a (In Vitro Fertilization, IVF), menm jan tou sèvis prezèvasyon fètilite ki nesesè medikalman yo. Pwojè lwa sa a pral espesifikman egzije pou gwo gwoup konpayi asirans yo kouvri sèvis IVF epi li pral egzije tou gwo gwoup, ti gwoup, ak gwoup endividyèl konpayi asirans yo kouvri sèvis pou konjle ze yo pou fanm ki gen kèk pwoblèm sante, enkli sa k ap swiv tretman kansè yo. Anplis, lwa a ap gen ladan li langaj solid non-diskriminasyon pou asire Nouyòkè yo gen aksè ak sèvis enpòtan sa yo, kèlkeswa eta sivil, laj, oryantasyon seksyèl ak/oswa idantite seksyèl yo. Sa fè swit ak analiz ki soti nan [etid](#) fezabilite Depatman Sèvis Finansye (Department of Financial Services, DFS) te pibliye jodi a Gouvènè a te dirije kòm pati Ajanda Fanm ane Pase.

“New York ap konbat pou pwoteje epi etann aksè nan sèvis sante repwodiktif pou tout Nouyòkè - kèlkeswa laj, ras, oryantasyon seksyèl, idantite seksyèl oswa estati sosyoekonomik”, **Gouvènè Cuomo te deklare.** “Mandate gwo asirè yo pou kouvri IVF ak sèvis prezèvasyon enfètilite yo pral retire anpil nan baryè ekonomik yo moun ap fè fas lè y ap deside ki lè oswa kijan pou kòmanse yon fanmi, epi pouse pi devan ajanda jistis pou fanm nou an ki se meyè nan nasyon an.”

“San kouvèti asirans, gwo depans pou fètilizasyon in vitro a restriktif, sa ki kreye yon taks enfètilite ki pa jis ki enpoze sou sosyete a”, **Gouvènè Adjwen an Kathy Hochul te deklare.** “Etann disponibilite IVF la se yon pati nan Ajanda Jistis pou Fanm nan, yon efò revolisyone pou asire egalite total pou fanm nan Eta nou an. Chak Nouyòkè ki espere bati yon fanmi, kèlkeswa mwayen finansye li, ta dwe gen yon chans pou fè sa. Tout moun ta dwe kapab gen askè ak tou dènye avanse medikal yo kèlkeswa moun yo renmen oswa sa revni yo.”

**Melissa DeRosa, Sekretè Gouvènè an e Prezidan Konsèy sou Fanm ak Ti Fi (Council on Women and Girls) te deklare,** “Pa gen anyen ki plis pèsònèl oswa kapab chanje yon vi tankou kapasite pou konsevwa epi fè chwa lè pou konsevwa. Kòm yon moun k ap fè fas ak desizyon ki kapab chanje lavi sa yo, mwen konnen dabò konsekans yo — emosyonèlman ak finansyèman. Nou ta dwe ap fè tout sa nou kapab pou ede redui fado sa a pou tout fanm, epi pwopozisyon kouraje sa a fè yon pa jeyan an avan nan konba sa a”.

**Aktyèl Sipèntandan Sèvis Finansye Linda A. Lacewell te deklare:** “DFS fyè pou sipòte efò Gouvènè atravè yon apwòch sen pou regilasyon asirans. Pa sa yo reprezante yon ekstansyon mezire kouvèti swen sante rewodiktif, ak avantaj yo pral gen yon enpak pozitif pou anpil fanmi nan New York”.

IVF se yon avantaj enpòtan pou moun k ap fè fas ak obstak nan fètilite, gen ladan l koup omoseksyèl ak fanm selibatè. Enfètilite afekte anviwon 10 pousan koup, epi apwoksativman 12 pousan fanm ap lite pou konsevwa oswa pou rive pote yon gwosès atèm. Mandate kouvèti IVF la pral rann sèvis la disponib pi plis pou tout moun, kèlkeswa estati sivil yo, oryantasyon seksyèl, indatite seksyèl, oswa estati sosyekonomik. Prezèvasyon enfètilite se yon avantaj enpòtan pou pasyan kansè oswa lòt pasyan an tretman ki ka afekte kapasite yo pou gen pitit. Tandiske kèk anplwayè bay kouvèti pou avantaj sa yo, anpil pa bay epi depans se premye baryè pou resevwa sèvis sa yo.

Last year, Governor Cuomo [te mande](#) DFS pou egzamine apwòch pou enkòpore kouvèti IVF nan manda kouvèti enfètilite atkyèl la nan New York. Pandan pwosesis revizyon an, DFS la te ankete sou kouvèti aktyèl la ak lwa nan lòt Eta yo epi te anplwaye yon founisè aktyaryèl, Wakely Consulting, Inc., pou kondui yon analiz finansye epi pwojete enpak potansyèl konsiderab pou bay kalite kouvèti sa a. Etid la pran an kont enpòtans kouvèti sa a, egzijans pou sèvis, epi enpak konsiderab, tankou lòt avantaj tou, gen ladan l sipò pou egalite fanm ak egalite omoseksyèl nan mendèv.

## **Analiz DFS**

DFS te revize opsyon yo pou amande definisyon enfètilite Lwa Asirans lan pou entegre ladan l kouvèti sèvis prezèvasyon fètilite ki nesèsè medikalman, gen ladan l depans pou estokaj, pou kansè oswa lòt pasyan k ap suiv tretman ki ka afekte fètilite yo. DFS te analize tou paramèt sa yo pou kouvèti IVF:

**Limit Sik:** Si manda yon IVF gen ladan yon limit sik, “sik” kapab defini klèman.

**Anpeche Diskriminasyon ki Baze sou Estati Sivil, Oryantasyon Seksyèl, ak Idantite Seksyèl:** Avantaj IVF yo kapab ekri yon fason pou asire aksè total bay ak chak moun kèlkeswa estati sivil, oryantasyon seksyèl, oswa idantite seksyèl yo. Avantaj yo dwe disponib pou moun ki pa marye yo ak koup omoseksyèl yo, an konfòmite ak politik aktyèk DFS yo.

**Limit Laj:** Konsidere avantaj IVF yo ki pa limite baze sou laj. Kouvèti IVF la kapab revize baze sou bezwen medikal pasyan an, pou bay konsomatè a dwa pou chèche yon

apèl ekstèn anba lwa aktyèl New York. Kidonk, konsidere pou pa aplike limit laj piwo New York la (bò laj 44) pou tretman enfètilite yo.

**Anpeche Obstak Pwosediral:** Aktyèlman, lòt Eta yo egzije epizman pwosedi lòt teknoloji repwodiktif asiste (assisted reproductive technology, ART) yo avan kouvèti IVF la otorize. Chak tip pwosedi yo gen pwòp risk li ak avantaj; kidonk, estati a pa ta dwe gen ladan l limitasyon sa yo, men pèmèt yon revizyon neseseite medikal tretman an. Konsa, desizyon an rapò ak ki tretman epi kilè t ap detèmine nan desizyon neseseite medikal yo, epi revizyon an ta bay konsomatè yo dwa pou chèche yon apèl ekstèn anba lwa aktyèl New York.

Pwopozisyon sa a fè pati Ajanda Jistis 2019 pou Fanm Gouvènè a. Ansanm pwopozisyon konplè pwogresis sa a, bati sou siksè akonplisman 2018 Gouvènè an pou amelyore jistis repwodiksyon, ekonomik, sosyal, pou tout fanm New York yo. Ajanda konplè 2019 Jistis Fanm lan disponib [isit la](#).

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)